

**Depatman Edikasyon Eta New York
(New York State Education Department)
Fasilitasyon Pwogram Edikasyon Endividyèl
[Individualized Education Program (IEP)]**

Evalyasyon

Depatman Edikasyon Eta New York [New York State Education Department (NYSED)] ap mande pwendvi ou sou Fasilitasyon IEP ou te patisipe ladan pa twò lontan. Kesyonè sa a pral ede nou detèmine si itilizasyon Fasilitasyon IEP te ede nan pwosesis pou kreye IEP a. Repons ou bay pou kesyon yo ap rete konfidansyèl. Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri ou mèt kontakte Inite Pwosedir Jis (Due Process Unit) nan NYSED P-12: Biwo Edikasyon Espesyal nan nimewo (518) 473-0170.

Dat Fasilitasyon IEP:

Distri Lekòl:

Wòl Moun ki Ranpli Fòm sa a:

Kesyon ki anba la yo konsène reyinyon Fasilitasyon IEP a:

1. Kisa ki te rezilta Fasilitasyon IEP a? Tanpri chwazi youn:

Akò sou tout pwoblèm yo – IEP te fèt	Akò ou kèk men pa tout pwoblèm yo	Pa t gen akò yo te jwenn sou nenpòt pwoblèm ki nan IEP a
--------------------------------------	-----------------------------------	--

2. Èske ou te gen ase tan pou pale sou pwoblèm ak enkyetid ou yo pandan Fasilitasyon IEP a? Tanpri chwazi youn:

Te gen ase tan pou pale sou pwoblèm ak enkyetid yo	Te gen kèk tan pou pale sou pwoblèm ak enkyetid yo	Pa t gen tan pou pale sou pwoblèm ak enkyetid yo
--	--	--

3. Si ou te jwenn akò sou IEP a, èske ou panse ou te gen ase tan pou patisipe nan detèminasyon sa ki nan IEP a? Tanpri chwazi youn:

Wi	Non
----	-----

4. Lè ou konpare sityasyon ou anvan ak apre Fasilitasyon IEP a, kijan ou ta di Fasilitasyon IEP a te afekte relasyon ant fanmi an ak lekòl la? Tanpri chwazi youn:

Fasilitasyon IEP a te amelyore relasyon an.	Fasilitasyon IEP a te gen efè enpe oswa pa t gen efè ditou.	Fasilitasyon IEP a te deranje relasyon an.
---	---	--

5. Èske eksperyans avèk Fasilitasyon IEP a te bay plan oswa lide pou itilize nan reyinyon IEP yo pidevan? Tanpri chwazi youn:

Wi	Non
----	-----

Kesyon ki anba la yo konsantre sou wòl Fasilitatè IEP a:

6. Kijan Fasilitatè IEP a te koute epi konprann enkyetid ou yo? Tanpri koche kaz pou youn:

Li te koute epi li te konprann tout bagay	Li te koute epi li te konprann yon pati ladan yo	Li pa t ni koute ni konprann
---	--	------------------------------

7. Kijan Fasilitatè IEP a te bay èd pou asire ou yo te tande ak konprann ou nan sesyon fasilitasyon an? Tanpri koche kaz pou youn:

Fasilitatè IEP a te bay anpil èd.	Fasilitatè IEP a te bay yon ti èd.	Fasilitatè IEP a pa t bay èd.
-----------------------------------	------------------------------------	-------------------------------

8. Kijan ou santi ou konsènan enpasyalite Fasilitatè IEP a? Tanpri koche kaz pou youn:

Fasilitatè IEP a te san patipri epi li pa t anfavè okenn moun ki konsène.	Fasilitatè IEP a te anfavè lekòl la.	Fasilitatè IEP a te anfavè fanmi an.
---	--------------------------------------	--------------------------------------

9. Kijan Fasilitatè IEP a te itil nan ede fè tout moun diskite sou bezwen elèv la epi pou sijere ak konsidere chwa pou rezoud pwoblèm ki gen pou wè ak IEP a? Tanpri koche kaz pou youn:

Itil anpil	Itil enpe	Pa t itil ditou
------------	-----------	-----------------

Kesyon ki anba la yo konsène satisfaksyon ou avèk pwosesis Fasilitasyon IEP a.

10. Kijan ou satisfè avèk rezilta Fasilitasyon IEP a? Tanpri koche kaz pou youn:

Satisfè anpil	Satisfè enpe	Pa satisfè enpe	Pa satisfè ditou
---------------	--------------	-----------------	------------------

11. Èske pwosesis Fasilitasyon IEP a te anpeche bezwen pou lòt mwayen posib pou rezoud zafè sa a (pa egzanj, medyasyon, odyans pwosedi jis, ak plent konsènan edikasyon espesyal)? Tanpri koche kaz pou youn:

Wi	Non
----	-----

12. Èske ou ta rekòmande pwosesis sa a ba lòt moun? Tanpri koche kaz pou youn:

Wi	Non
----	-----

13. Si sa pa idantifye nan evalyasyon sa a, ki aksyon Fasilitatè IEP (bon oswa move) ki te pi enpòtan pou ou?

14. Tanpri bay nenpòt sijesyon pou amelyorasyon pwosesis Fasilitasyon IEP a.

Si ou ta renmen pou yon moun nan NYSED P-12: Biwo Edikasyon Espesyal kontakte ou pou pale sou evalyasyon sa a, tanpri bay non ou ak enfòmasyon pou kontakte ou.

Non: _____

Enfòmasyon pou Kontakte ou: _____

Voye fòm sa a ou plen an lapòs nan adrès:

**New York State Education Department
P-12: Office of Special Education
89 Washington Avenue
Room 309 EB
Albany, New York 12234
Attention: Due Process Unit**